



Pou Piblikasyon Imedya: 01/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO APLIKE PEYAJ SAN LAJAN KACH NAN PON MID-HUDSON LAN

Yon etap enpòtan make aplikasyon peyaj san lajan kach sou tout wout peyaj Eta New York administre yo, pou vwayaj ki pi an sekirite epi ki san pwoblèm

Peyaj yo kolekte kounye a atravè E-ZPass oswa Tolls by Mail atravè tout rezo wout Otorite Pon Eta ak Otorite Twotwa a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo aplike peyaj san lajan kach yo apati madi 1e mas la nan Mid-Hudson Bridge (Pon Mid-Hudson) ki konekte Highland ak Poughkeepsie. Etap enpòtan sa a make finisman aplikasyon peyaj san lajan kach la atravè sistèm senk pon Otorite Pont Eta New York (New York State Bridge Authority) la opere, epi mete tout wout peyaj Eta New York dirije yo anba peyaj san lajan kach.

"Lè Mid-Hudson Bridge te ouvri an 1930, Gouvènè Franklin Roosevelt te fè lwanj avantaj ekonomik ak sosyal ke pon sa a ak lòt pon sa yo t ap pote pou Hudson Valley ak rès Eta New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a, menm jan ak epòk FDR la, New York ap fè envèstisman enpòtan pou ranfòse rezo enfrastrikti nou an pou bezwen 21èm syèk la, enkli aplikasyon peyaj san lajan kach. Etap sa a se yon temwayaj angajman nou pou amelyorasyon kontinyèl rezo transpò New York la, epi ak tout wout peyaj eta nou yo dirije yo ki opere ak teknoloji san lajan kach, Nouyòkè yo kapab kounye a jwi avantaj ki genyen nan vwayaj ki pi an sekirite, san pwoblèm sou pon nou yo ak sou otowout nou yo."

Otomobilis yo fè eksperyans ak vwayaje san kanpe anba pòtik yo gras ak detektè ak kamera dènnye kri ki li etikèt E-ZPass yo epi ki pran imaj plak imatrikilasyon yo. Veyikil ki gen etikèt E-ZPass yo pral peye otomatikman epi y ap pran foto plak lisans veyikil ki pa gen etikèt E-ZPass yo epi yo pral voye yon bòdwo dwa pasaj bay pwopriyetè veyikil ki anrejistre a atravè Tolls by Mail NY.

Portik anlè ak ekipman peyaj san lajan kach la te konstwi sou apwòch lwès pon an, jis nan lwès Katie Jeneral Otorite Pon an. Menm jan ak tout pon Rivyè Hudson yo, peyaj yo kolekte nan men vwayajè ki soti nan direksyon lès yo sèlman.

Yo pwograme pou retire kabin peyaj aktyèl yo san pèdi tan. Retire kabin peyaj yo pral asire w ke wout la rete degaje kont tout obstak pou pèmèt mouvman sikilasyon ki pi an sekirite ak pi fasil. Pandan demolisyon kabin peyaj la ap fèt, yo pral dirije chofè yo nan zòn peyaj aktyèl la epi mande yo pou yo kontinye woule ak prekosyon.

Anplis vwayaj ki pi dous epi ki pi an sekirite, peyaj san lajan kach ofri tou avantaj anviwònmantral akòz mwens reduiksyon tan arè motè a ak gaspiye gaz, sa ki lakòz mwens emisyon veyikil.

Peyaj san lajan kach yo anvigè kounye a nan tout senk travès ke Otorite Pont Eta New York la opere: pon Bear Mountain, Newburgh-Beacon, Mid-Hudson, Kingston-Rhinecliff, ak pon Rip Van Winkle. Newburgh-Beacon Bridge te premye pon ki te sèvi ak peyaj san lajan kach nan dat 7 jiyè 2021. Kat lòt pon yo te ale sèvi yon fason siplemantè pandan mwa ki vin apre yo, ak Mid-Hudson Bridge la ki se dènye pon k fè chanjman an.

Chanjman Otorite Pon an nan kad peyaj san lajan kach make dènye etap enpòtan nan efò New York ap fè pou pote teknoloji sou wout ak pon yo epi ofri plis vwayaj san pwoblèm pou chofè atravè Empire State la. Nan dènye ane yo, MTA Bridges & Tunnels (Pon & Tinèl MTA) ak Otorite Twotwa (Thruway Authority) Eta New York te aplike peyaj san lajan kach, epi Otorite Pon an kounye a se dènye antite eta ki konvèti konplètman nan nouvo sistèm nan.

An 2021, [Otorite Twotwa](#) te anonse finisman Pwojè Konsepsyon Konstriksyon Peyaj San Lajan Kach Otorite a ki te make faz final la nan konvèsyon an peyaj san lajan kach la sou tout sistèm Thruway ki mezire 917 km la. Faz final pwojè a te gen pou retire 230 biwo peyaj endividyèl yo ak rekonstriksyon ak reyalyman 52 ansyen anplasman peyaj nan ansyen sistèm tikè Thruway la.

Direktè Egzekitif Otorite Pon Eta New York la, Doktè Minosca Alcantara, te deklare, "Depi ouvèti li an 1930, Mid-Hudson Bridge la se yon konektè ki enpòtan anpil pou Konte Ulster ak Dutchess yo ak youn nan pi bèl pon Eta New York. Prèske yon syèk apre, nou antre nan yon nouvo chapit enteresan pou travès anblematik sa a, Otorite Pon an, ak tout rejyon n ap sèvi a. Peyaj san lajan kach ap fè pon nan Hudson Valley epi amelyore vwayaj pou tout moun."

Pwezidan Konsèy Komisè Otorite Pon Eta New York la, Joan McDonald te deklare, "Konsèy Otorite Pon Eta New York la kontan pou make etap enpòtan sa a pou Otorite a ak sistèm transpò eta a. Peyaj san lajan kach ofri yon eksperyans vwayaj san pwoblèm e nou fyè pou nou rejwenn patnè nou yo nan lòt antite transpò yo ki te aplike teknoloji dènye kri sa a pou avantaj piblik vwayajè yo. Konsèy la ofri remèsiman sensè li bay anplwaye NYSBA yo pou devouman yo ak travay di yo nan lanse nouvo sistèm sa a pandan ane ki sot pase a."

Manm Asanble Jonathan Jacobson te deklare, "Antanke Manm Asanble ki reprezante alafwa Highland ak Vil Poughkeepsie, mwen pa ta ka plis kontan pase sa pou mwen wè Mid-Hudson Bridge la ap tranzisyon nan peyaj san lajan kach. Mwen

voye remèsiman ak konpliman bay tout moun nan Otorite Pon Eta New York pou travay di yo fè ki fasilite chanjman sa a. Kounye a Mid-Hudson Bridge la rejwenn lòt pon peyaj san lajan kach yo nan Hudson Valley, mwen pa ka tann pou m vwayaje pi rapid, pi fasil ak pi an sekirite atravè reyon nou an."

Plan Anplwaye yo

Byenke p ap gen anplwaye k ap kolekte peyaj ankò nan izolwa fizik yo, kèk nan anplwaye k ap pèsevere peyaj ak operasyon pon yo nan espas Otorite a te fè tranzisyon nan nouvo pozisyon teknisyen sekirite pou travay nan pon yo pandan menm lè yo te anplwaye yo anvan yo te pase nan sistèm san lajan kach la. Teknisyen sekirite yo pral kenbe fonksyon operasyon yo ke anplwaye operasyon peyaj yo te fè anvan, tankou ede ak repons pou ijans ak siveyans sekirite sou plas. Anplis de sa, tout travès ki opere pa Otorite Pon Eta New York yo, Sant Kòmand Otorite a siveye yo 24/24.

Opsyon Pèman yo

Nou ankouraje tout chofè ki pa gen yon tag E-ZPass pou yo jwenn yon tag pou pwofite ekonomi ak komodite. Ou ka kòmande etikèt yo sou www.e-zpassny.com oubyen ou ka al chèche yo nan kèk [detayan](#) nan tout Eta. Itilizatè E-ZPass NY yo peye tarif peyaj redui nan enstalasyon Otorite Pon yo ak sou lòt wout peyaj yo ki nan rezo E-ZPass la.

Moun ki pa kliyan E-Z-Pass yo gen yon seri opsyon pou peye ki gen ladan atravè lapòs, nan telefòn, sou entènèt ak atravè aplikasyon Tolls NY la. Kliyan yo ki rele **826 apati pifò telefòn mobil yo pral resevwa yon mesaj tèks ki gen yon lyen pou ale sou sit entènèt Tolls by Mail NY la (www.tollsbymailny.com) ak enfòmasyon sou kijan pou yo peye bòdwo peyaj yo a. Tout kliyan Toll by Mail yo ap peye tout tarif yo sou peyaj yo.

Otorite Pon an rekòmande pou tout chofè yo telechaje [aplikasyon mobil Tolls NY](#) la pou fasilman kontwole deklarasyon E-ZPass yo epi pou peye fakti Toll by Mail yo.

Konsènan Otorite Pon Eta New York la

Otorite Pon Eta New York la opere Bear Mountain, Newburgh-Beacon, Mid-Hudson, Kingston-Rhinecliff ak Rip Van Winkle Bridges Li posede epi kenbe estrikti pon pou pyeton Walkway Over Hudson lan tou. Yo finanse Otorite a prensipalman apati peyaj pon yo epi yo pa te resevwa lajan taks eta a ak federal pou antretyen ak operasyon pon an. Aprann plis nan www.nysba.ny.gov. Ou kapab jwenn Otorite Pon Eta New York la sou Facebook nan www.facebook.com/NYSBridge ak sou Twitter nan www.twitter.com/NYSBridge.

###